



OTORIZASYON POU DIVILGE ENFÒMASYON SOU SANTE ANNAKÒ AVÈK HIPAA
[Depatman Sante Eta New York te apwouye Fòm sa a]

Non Pasyan an	Dat Nesans	Nimewo Sekirite Sosyal
Adrès Pasyan		

Mwenmenm, oswa rezistant otorize mwen, mande pou yo divilge enfòmasyon sou sante ki konsène swen ak tretman mwen jan sa endike nan fòm sa a.

Annakò avèk Lwa Eta New York ak Règleman sou Enfòmasyon Prive nan Lwa 1996 sou Transferabilite ak Responsablitè Asirans Sante (Health Insurance Portability and Accountability Act, HIPAA), mwen konprann:

1. Otorizasyon sa a ka gen divilgasyon enfòmasyon ki konsènen **TRETMAN POU ALKÒL** ak **DWÒG, TRETMAN SANTE MANTAL**, aleksepsyon dosye sikoterapi, ak **ENFÒMASYON KONFIDANSYÈL ANRAPÒ AK VIH*** sèlman si mwen mete inisyal mwen sou liy ki koresponn ki nan Pati nimewo 9(a). Sizoka enfòmasyon sou sante ki dekri anba a gen nenpòt nan kalite enfòmasyon sa yo ladan, epi si mwen mete inisyal mwen sou liy ki nan kaz nan Pati 9(a), mwen otorize pou yo divilge enfòmasyon sa yo ba moun nam(yo) ki endike nan Pati nimewo 8 la presizeman.
 2. Si mwen bay otorizasyon pou yo divilge enfòmasyon anrapò ak VIH, tretman pou alkòl oswa dwòg, oswa tretman pou sante mantal, li entèdi pou benefisyè enfòmasyon yo divilge enfòmasyon sa yo ankò san otorizasyon mwen, sof si lwa federal oswa lwa Eta pèmèt sa fèt. Mwen konprann mwen gen dwa pou mande yon lis moun ki ka resevwa oswa itilize enfòmasyon mwen ki gen rapò ak VIH san otorizasyon. Si mwen sibi diskriminasyon poutèt yo pibliye oswa yo divilge enfòmasyon ki gen pou wè ak VIH, mwen gendwa kontakte Divizyon Dwa Imen Eta New York nan (212) 480-2493 oswa Komisyon Vil New York sou Dwa Imen nan (212) 306-7450. Ajans sa yo responsab pou pwoteje dwa mwen yo.
 3. Mwen gen dwa pou anile otorizasyon sa a nenpòt lè depi mwen ekri pwofesyonèl swen sante ki endike anba a. Mwen konnen mwen ka anile otorizasyon sa a, sof ke aksyon ka gentan déjà fêt ak otorizasyon sa a.
 4. Mwen konprann ke mwen siyen otorizasyon sa a si mwen vle. Tretman mwen, peman mwen, enskripsyon mwen nan yon plan sante, oswa kalifikasyon mwen pou avantaj p ap depanne otorizasyon mwen bay pou divilgasyon sa a.
 5. Benefisyè enfòmasyon ki divilge dapre otorizasyon sa a ta ka divilge enfòmasyon an ankò (eksepte jan li endike anwo a nan Pati nimewo 2), epi lwa federal oswa lwa Eta gendwa pa pwoteje re-divilgasyon an ankò.
 6. **OTORIZASYON SA A PA BA W OTORIZASYON POU PALE SOU ENFÒMASYON SANTE MWEN OSWA SWEN MEDIKAL**

MWEN AK OKENN LOT MOUN APA AVOKA OUBYEN AJANS LETA KI PRESIZE NAN PATI NIMEWO 9 (b).

7. Non ak adres pwolesyoner swen sante oswa anitte ki pou divinge enfòmasyon sa yo.	
8. Non ak adrès moun nan(yo) oswa kategori moun yo pral voye enfòmasyon sa yo ba yo:	
9 (a). Enfòmasyon ki pral divilge presizeman: <ul style="list-style-type: none"> <input type="checkbox"/> Dosye Medikal soti (mete dat la) _____ pou rive (mete dat la) _____ <input type="checkbox"/> Dosye Medikal Annantye, ankontan istwa pasyan, dosye klinik (aleksepsyon dosye sikoterapi), rezulta tès, egzamen radyoloji, kliche, referans, konsiltasyon, dosye bòdwo, dosye asirans, ak dosye lòt founisè swen sante voye bay ou. <input type="checkbox"/> Lòt _____ Mete ladan: (<i>Mete inisyal pou endike</i>) _____ 	
Otorizasyon pou Pale sou Enfòmasyon Sante (b). <input type="checkbox"/> Poutèt mwen mete inisyal mwen la a _____ Mwen bay _____ Inisyal _____ Non founisè swen sante moun nan otorizasyon pou pale sou enfòmasyon sante mwen avèk avoka m, oswa yon ajans leta, ki mansyone la a: <hr/> (Non Avoka/Biwo avoka oswa Non Ajans Leta a)	
10. Rezon pou divilgasyon enfòmasyon: <ul style="list-style-type: none"> <input type="checkbox"/> Si moun nan mande yo <input type="checkbox"/> Lòt: 	11. Dat oswa evènman kote otorizasyon sa a pral ekspire:
12. Si se pa pasyan an, bay non moun ki siyen fòm nan:	13. Otorizasyon pou siyen onon pasyan an:

Mwen te ranpli tout pati yo nan fòm sa a, yo te reponn kesyon mwen yo konsènan fòm sa a. Anplisdesa, yo te ban mwen yon kopi fòm nan.

Dat: _____

Siyati pasyan an oswa reprezantan ki gen otorizasyon dapre lalwa.

* **Viris Iminodefisyans Imen ki lakòz SIDA.** Lwa Eta New York sou Sante Biblik pwoteje enfòmasyon ki ase pou yo ta kapab endike yon moun gen sentòm oswa enfeksyon VIH ak enfòmasyon konsènan kontak yon moun.

Eksplikasyon pou Itilizasyon Fòm Otorizasyon annakò ak HIPAA pou Divilgasyon Enfòmasyon Medikal ki nesesè pou Pwosè ki genyen

Fòm sa a se pwodui yon aktivite kolaborasyon ant Biwo Eta New York pou Administrasyon Tribunal, reprezantan kominate founisè medikal nan New York, epi tout jij ak avoka, epi li la pou bay yon fòm ofisyèl estanda ki konfòm ak egzijans pwoteksyon enfòmasyon prive nan lwa federal sou Transferabilite ak Responsablite Asirans Sante (Health Insurance Portability and Accountability Act, HIPAA) ak règleman li yo pou mete li ann aplikasyon, epi yo dwe itilize li pou bay otorizasyon pou divilgasyon enfòmasyon sou sante ki nesesè pou pwosè ki genyen nan tribunal Eta New York. Men, yo kapab itilize li piplis pase pou sa, epi itilize li anvan pwosè a te kòmanse, oswa chak fwa konsèy la ta jwenn li itil.

Objektif pou kreye yon fòm ofisyèl estanda annakò ak HIPAA se pou evite diskisyon ki genyen kounye a ki rive souvan pou konnen si demann enfòmasyon sou sante yo fè pandan yon pwosè respekte egzijans Règleman HIPAA sou Enfòmasyon Prive. Men ou dwe sonje ke fòm nan ochwa. Ou gendwa ranpli fòm sa a sou entènèt epi telechaje li pou siyen li alamen, oswa telechaje li epi ranpli li nèt sou papye.

Lè w ap ranpli Pati nimewo 11, ki mande dat oswa evènman kote otorizasyon an ap ekspire, moun k ap ranpli fòm nan ka endike yon evènman tankou "lè pwosè nan tribunal mwen an fini" oswa bay yon kantite tan pou dat presi, tankou "nan 3 ane apati dat sa a".

Si yon pasyan ap chèche bay otorizasyon pou divilgasyon dosye medikal li annantye, men se apati yon sèten dat sèlman, toude premye ti kare yo nan seksyon 9(a) dwe tcheke, epi li dwe mete dat ki koresponn nan sou premye liy ki gen premye ti kare a.